

RENAISSANCE

at home



POLK COUNTY
PUBLIC SCHOOLS

FOR FAMILIES: Supporting Students using Accelerated Reader

Resous pou Sèvi Fanmi yo:

[AR Book Finder](#) /Gid Liv Lektè Akselere se yon zouti rechèch twouvay liv ki ede w jwenn nivo Akselerasyon Lektè ya e nimewo Tès Kwiz liv yo.

<https://www.arbookfind.com>

[Accelerated Reader Home Connect](#) se yon gid lekti akselere pou koneksyon lakay ki ede w swiv pwogrè pitit ou lè ou wè rezilta tès kwiz li yo.

<https://hosted368.renlearn.com/69995/HomeConnect/>

Pou konekte sou [Home Connect](#) la men mach-a-swiv yo:

Username: Non Izaj la se nimewo Sis Chif Etidyan pitit ou a: 5300**123456**. Ou bezwen sèvi sèlman ak chif gra ki souliye an nwa yo.

Password: Mo'd Pas la se chif mwa ak jou nesans pitit ou fèt la: Si dat nesans la se 15 Janvyè 2010, **01/15/10**, konsa mo'd pas la se 0115.

Ou kapab sèvi ak mwayen lyen ki mansyone piwo yo oswa ki sou sit entènèt lekòl PCPS la anba lyen Resous Anliy Etididyan yo/Students/Online Resources:

<https://polkschoolsfl.com/onlineresources/>

STUDENTS ▾	PARENTS ▾	COMMUNITY ▾	NEWS ▾
Students Home Links to additional information for students.	Accelerated Academic Programs Polk County Public Schools offers	Online Resources Links to online catalogs, eBooks, and reference and research tools.	

Accelerated Reader



Gid lekòl PCPS pou Lektè Akselere:

Men obligasyon ki dwe ranpli lè etidyan yo pran Tès Kwiz nan lekòl la, e nou rekòmande menm bagay pou lè yo pran Tès Kwiz lakay nan moman sa yo:

- Etidyan yo dwe pran tès kwiz liv yo ki nan nivo/ZPD pa yo. **Home Connect/Konèkte Lakay se yon bon mwayen pou pou rive konnen nivo/ZPD pitit ou.**
- Etidyan yo dwe pran tès la nan espas 24-48 èd tan apre yo fini li liv la/after finishing their book. Li rekòmande pou elèv klas Anfanten rive nan klas Nivo 2/Grades K – 2 li liv la plis ke yon sel fwa anvan yo pran tès kwiz la.
- Etidyan yo pa dwe gen liv la ouvè devan yo pandan y'ap pran tès kwiz la.
- Etidyan yo pa dwe pran tès kwiz la yon dezèm fwa si se chwa ki di, "read independently" yo seleksyone.

- Etidyan yo pa dwe gen èd lòt moun diran tèz kwiz yo, Pèsòn manm fanmi ou lòt moun pa dwe bay etidyan-an poul nan tèz yo. Se etidyan yo poukont yo ki pou fè tèz kwiz yo san asistans pèsòn.
- Rèv distri lekòl la pou nòt kwiz yo se 85%.

RENAISSANCE

at home



POLK COUNTY
PUBLIC SCHOOLS

FOR FAMILIES:

Supporting Students using Accelerated Reader

Onorab Fanmi elèv nou yo,

Etidyan yo ap pwogrese nan devlopman kapasite sou lekti, san bliye amou yo genyen pou lekti, e yo sèvi ak zouti ki rele Accelerated Reader/Lektè Akselere nan sal klas yo diran tout ane lekòl la.

Akòz sitiyasyon COVID-19 nan ki oblije fèmen lekòl pou pa resevwa etidyan nan etablisman yo pou kounye ya, etidyan yo kapab pwofite moman sa yo pou fè plis eksperyans lekti lakay yo, ankò pi plis ke jan'l te konn ye anvan. Anplis lekti liv yo chwazi yo menm-menm selon gou pa yo pou ede nan kwasans yo kòm lektè, etidyan yo kapab konplete tès kwizi AR yo ki ede swiv pwogrè yo fè menm lè yo andeyò sal klas lekòl yo.

Accelerated Reader

Accelerated Reader 360

Gid pou fanmi kore aprantisaj etidyan lakay

- Itilize **ARbookfind.com**(www.arbookfind.com) pou chache liv ou ka gen lakay ou, oswa atik ki baze sou fè reyèl etidyan yo kapab li dijitalman nan AR/AR360.
- Chita ak etidyan yo e fè lekti ansanm (espesyalman enpòtan pou etidyan ki nan Klas Nivo K-3).
- Travay tèt ansanm ak etidyan yo pou swiv pwogrè yo.
- Si etidyan yo fikse objektif AR bay tèt yo, se pou ou sipòte yo nan siveyans ou pote pou yo ka rive akonpli objektif AR sa yo.
- Familyarize'w sou fason enstriktè yo kontwòle e siveye kwasans pwogrè travay etidyan yo akonpli.

Tèm souvan itilize

- LS — Literacy Skills/ Abilte Literasi
- RP—Pratik Lekti
- RV—Vwa Anrejistre
- VP—Pratik Vokabilè
- ZPD—Zòn Devlopman Pwoksimal (seri liv ki va motive yon timoun san koze fristrasyon ni pèt motivasyon)

Student login instructions

Go to:



ClassLink



Tcheke **Gid Paran pou Lektè Akselere ya/Parent's Guide to Accelerated Reader** pou plis enfòmasyon: <https://bit.ly/3aJoE0A>.

Pa Bliye: Menm lè se enpòtan pou w pataje eksperyans lekti avèk etidyan' w kelkeswa laj li genyen, se enpòtan menm jan tou pou etidyan yo konplete tès kwiz yo san èd pèsòn nan tout endepandans, yon manyè pou nou ka rive swiv pwogrè kwasans yo e idantifye domèn kote yo gen bezwen nou ka adrese.

Mèsi pou tout sa ou fè pou sipòte kwasans lekti etidyan'w nan.

